



KONSANTMAN E OTORIZASYON POU MODÈL

Mwen,.....(non), parèt nan foto ak/ oswa videyo anrejistreman sa yo ke Partners In Health/Zanmi Lasante ("PIH/ZL") te pran.

PIH/ZL ka itilize foto ak anrejistreman sa yo an koneksyon avèk aktivite ki pa pou pwofi li yo, tankou repwodiksyon nan piblikasyon, sit entènèt ak lòt medya pou rezon edikasyonèl, pwomosyonèl oswa lòt bagay, e PIH/ZL ka pèmèt lòt moun oubyen òganizasyon egzèsè dwa sa yo.

Mwen bay konsantman e otorizasyon ak PIH/ZL e tout reprezantan e delege li yo dwa pou yo itilize foto ak anrejistreman videyo sa yo pou rezon ki site la yo, epi idantifye mwen pa non mwen an koneksyon avèk rezon sa yo. Mwen konprann ke mwen pa pral resevwa okenn lajan pou foto ak/ oswa anrejistreman videyo sa yo paske mwen siyen konsantman a otorizasyon sa.

Mwen gen plis pase 18 an. Mwen konprann ke PIH/ZL ka aji selon Konsantman e Otorizasyon sa.

Siyati:

Dat:

Adrès:

Konsènan Partners In Health: Partners In Health se yon òganizasyon sante mondyal k'ap batay pou ka amelyore swen sante nan kominote defavorize yo. Partners In Health kolabore ak gouvènman lokal yo pou konstwi kapasite lokal e travay nan tèt ansanm ak kominote sa yo pou delivre bon kalite swen sante, adrese rasin kòz maladi, fòme founisè sante, fè rechèch avanse, ak defann chanjman nan politik sante mondyal. Kounye a, Partners In Health gen pwogram aplikasyon nan Ayiti, Rwanda, Lesotho, Liberya, Malawi, Pewou, Meksik, Kazakhstan, Syera Leòn ak Nasyon Navajo.



KONSANTMAN POU MINÈ (SI NESESEÈ)

Mwen,...(non paran an), mwen se paran/gadyen minè ki rele...(non minè a) e mwen gen otorite legal pou siyen Konsantman ak Otorizasyon sa nan non minè ki parèt nan foto ak / oswa anrejistreman videyo sa yo ke Partners In Health ("PIH") te pran.

PIH/ZL ka itilize foto ak anrejistreman sa yo an koneksyon avèk aktivite ki pa pou pwofi li yo, tankou repwodiksyon nan piblikasyon, sit entènèt ak lòt medya pou rezon edikasyonèl, pwomosyonèl oswa lòt bagay, e PIH/ZL ka pèmèt lòt moun oubyen òganizasyon egzèsè dwa sa yo.

Mwen bay konsantman e otorizasyon ak PIH e tout reprezantan e delege li yo dwa pou yo itilize foto ak/ oswa anrejistreman videyo sa yo pou rezon ki site la yo epi idantifye mwen ak/ oswa...(non minè a) pa non mwen (nou) an koneksyon avèk rezon sa yo.

Mwen konprann ke mwen pa pral resevwa okenn lajan pou foto ak/ oswa anrejistreman videyo sa yo paske mwen siyen Konsantman e Otorizasyon sa.

Mwen konprann ke PIH/ZL ap aji selon Konsantman and Otorizasyon sa.

Siyati:

Dat:

Adrès:

Konsènan Partners In Health: Partners In Health se yon òganizasyon sante mondyal k'ap batay pou ka amelyore swen sante nan kominote defavorize yo. Partners In Health kolabore ak gouvènman lokal yo pou konstwi kapasite lokal e travay nan tèt ansanm ak kominote sa yo pou delivre bon kalite swen sante, adrese rasin kòz maladi, fòme founisè sante, fè rechèch avanse, ak defann chanjman nan politik sante mondyal. Kounye a, Partners In Health gen pwogram aplikasyon nan Ayiti, Rwanda, Lesotho, Liberya, Malawi, Pewou, Meksik, Kazakhstan, Syera Leòn ak Nasyon Navajo.